O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

*Qaraqalpaq til bilimi kafedrası*

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakulteti 3-a kurs studenti
Allamuratova Ziyadanın`

«Qaraqalpaq tilindegi feyil antonimler»
degen temadag`ı

# KURS JUMISI

Qabıllag`an: Patullaeva G.

N O` K I S – 2 O 1 5

TEMA: QARAQALPAQ TİLİNDEGİ FEYIL ANTONIMLER

JOBASI:

Kirisiw

1. Qaraqalpaq tilindegi feyil antonimlerdin` leksika-semantikalıq o`zgeshelikleri

2. Qaraqalpaq tilindegi feyil antonimlerdin` stillik qollanılıwı

Juwmaq

Paydalanılg`an a`debiyatlar

# K I R I S I W

Bir tilde qansha so`z bolsa, ol sol tildin` leksikası yamasa so`zlik quramı dep ataladı. So`zlik quramdag`ı so`zlerdin` ma`nisin, onın` rawajlanıw jolların, nızamların, so`zlerdin` kelip shıg`ıwın, qollanılıwın, stil`lik o`zgesheliklerin izertleytug`ın ilim leksikologiya bolıp esaplanadı.

Leksikologiya grekshe lexikos bizin`she «so`zlik», logos «ilim» degendi bildiredi.

Leksikologiya tarawında u`yreniletug`ın til birligi – so`z. So`z – til birliklerinin` ishindegi en` tiykarg`ı kategoriya. Sebebi til biliminin` basqa tarawları, atap aytqanda, fonetika so`zlerdin` qurılısındag`ı seslerdin`, olardın` tu`rli o`zgerislerge ushırawı, seslik nızamlardı u`yretedi, morfologiya bolsa so`zlerdin` formaların, so`z jasalıw trawı so`zlerdin` jasalıwın ha`m t.b. izertleydi. Demek, so`z til biliminin` barlıq tarawları ushın tiykarg`ı birlik sıpatında ko`riniske iye boladı. Usını esapqa alıp, prof. E.Berdimuratov: «... so`z haqqında oylaw arqalı tildi tu`siniwge umtılamız. O`ytkeni so`z til haqqındag`ı ma`sellerdi anıqlawg`a en` tiykarg`ı birlik bolıp esaplanadı»[1] - dep jazadı.

Tildegi ha`r bir so`z turmıs talabı na`tiyjesinde ha`r qıylı waqıtlarda ko`p tu`rli jollar menen ju`zege keledi. Sonın` ushın tildegi ha`r bir so`z turmıs za`ru`rligi na`tiyjesinde ha`r qıylı sha`rayatta, ha`r qıylı waqıtlarda ju`zege keledi. Sonın` ushın so`zler xalıq tariyxın ashıp beriwde belgili orın iyeleydi. So`zlik quramdag`ı so`zler xalıqtın` basınan keshirgen uzaq tariyxıy waqıyalardı, olardın` siyasiy-ja`miyetlik o`mirin, turmıs saltın, u`rp-a`detlerin, ma`deniy, ruwxıy o`mirin ashıp bere aladı. Tilsiz millet joq. Millettin` tiykarg`ı to`rt belgisinin` biri - til. Tili o`lgen xalıqtın` o`zi de o`ledi. Kerisinshe xalıqtın` qırılıwı tildin` joq bolıwına alıp keledi.

Qaraqalpaq tilinin` so`zlik quramı xalqımızdın` o`tkendegi tariyxı menen tıg`ız baylanıslı. So`zlik quram aynag`a megzeydi. Eger ana tilimizdin` so`zlik quramına ilimiy ko`z-qarastan baha bergenimizde, qaraqalpaq xalqının`

---

[1] **Бердимуратов Е.** Ҳәзирги заман қарақалпақ тили Лексикология. Нөкис, 1994, 32-бет.

o`tkendegi turmısı haqqında tariyx betlerinen oqıg`anımız ko`z aldımızg`a elesleydi.

Qaraqalpaq tilinin` so`zlik quramındag`ı so`zlerdi ma`nilik ta`repinen bahalag`anımızda, ondag`ı ma`nileri biri-birine qarama-qarsı bolg`an so`zler toparı belgili orındı iyeleydi. Til biliminde so`zlerdin` bunday toparın antonimler dep ataydı.

Antonimler ma`nileri bir-birine qarama-qarsı ha`m bir so`z shaqabına kiretug`ın so`zler. Mısalı: ashshı-mazalı, uzın-kelte, aq-qara, ko`p-az ha`m t.b. Mısallardag`ı antonimlik jubaylar ma`nileri boyınsha qarama-qarsı ha`m olar so`z shaqaplarına qatnası boyınsha birdey.

Antonimler - qaraqalpaq til biliminde aktual ma`selelerdin` biri. Sebebi usı bu`gingi ku`nge shekem ol arnawlı tu`rde izertlengen joq. Ol tek mektep sabaqlıqlarında, joqarı oqıw ornı filologiya fakul`tetnin` studentleri ushın arnalg`an sabaqlıqlarda, ayırım bir-eki maqalalarda g`ana so`z etilgen. Antonimler boyınsha qaraqalpaq til biliminde izertlew jumıslarının` az bolıwına baylanıslı, biz da`slep olar haqqında ulıwma tu`sinik beriwdi maqul ko`rdik.

Antonimler du`nyadag`ı zat ha`m qubılıslardın` san-sapasın, artıq-kemlik da`rejesin, mo`lsherin, ko`lemin salıstırıp, biri-birine qarama-qarsı qoyıwdan kelip shıg`adı.

Mısalı: Dana perzent xalqının` esiktegi ornın to`rge shıg`arıwg`a sebepshi boladı, nadan perzent xalqının` to`rdegi ornın esikke shıg`arıwg`a sebepshi boladı. (T.Qayıpbergenov).

Qurg`aq ag`ash janar, so`ner, jas ag`ash hasıl o`ner (Q.x.n.m.).

Adamlardın` ba`ri terektey, biri jumsaq, biri qattıday (T.Ma`tmuratov).

Bularda dana-nadan, janar-so`ner, qurg`aq-jas, jumsaq-qattı so`zleri zat, qubılıslardın` qarama-qarsı sapalıq belgilerin atap kelip, antonimlik jubaylar du`zip tur.

Du`nya qarama-qarsılıqlardın` birligi ha`m gu`resinen turadı. Usı nızam tiykarında ja`miyette, ta`biyatta, adamzat oylawında rawajlanıw boladı. Usıg`an baylanıslı so`zlik quramda ma`nileri bir-birine qarama-qarsı so`zler toparı

qa`liplesken. Biraq barlıq so`zlerdin` antonimleri bola bermeydi. Mısalı: Terek, ag`ash, tas, du`n`ya, ko`l t.b. so`zleri antonimlik jubayg`a iye emes. Sebebi, antonimler ta`biyatında bir-birine qarama-qarsı zatlardın` ataması emes, al zatlardın` sapasının` ataması, atap aytqanda sapasın bahasının` ataması yamasa bir protsesstin` eki tu`rli jag`dayının` ataması bolıp tabıladı. Sapalıq ug`ımdı bildiretug`ın so`zlerdin` antonim bolıwının` sırı usında. Demek, antonimler ta`biyatı boyınsha tiykarınan zat, qubılıslardın` sapalıq belgilerin bildiretug`ın so`zler ortasında boladı eken. Al zat ha`m qubılıslar haqqında ug`ım atamasın bildiretug`ın so`zlerdin` antonim bolıw jag`dayına kelsek, olar da`slep sapalıq ug`ım tu`rinde payda bolg`anın tu`siniwge boladı.

Mısalı:

Men ishinen su`zip alıp qoqımın, oqıwshıma tek tınıg`ın beremen (K.Raxmanov).

Tu`sten keyin quwg`ınshılar qashqınlar dem alg`an jırag`ı shıqtı (J.Saparov).

Mısallardag`ı qoqım-tınıq, quwg`ınshılar-qashqınlar substantivlesip kelip antonimlik jubay du`zip tur.

Jazlar o`tip bir ku`ni, qılıshın su`yrep qıs keldi. (Jiyen jıraw)  degen qosıq qatarlarında jaz-qıs so`zlerinin` antonim bolıwına jazda  hawa rayının` ıssı, qısta ol suwıq bolıwı tiykar bolg`an.

Antonimler logikalıq qarama-qarsılıqqa da baylanıslı. Logikalıq qarama-qarsılıq tilde ma`nileri bir-birine qarama-qarsı keletug`ın so`zler arqalı da beriledi. Bunday so`zler logikalıq antonimlerdin` tiykarg`ı toparın quraydı. Solay da logikalıq qarsılıq penen antonimlik qarsılıqta ekewin birdey, olar ba`rha`ma biri ekinshisine sa`ykes dep qarawg`a bolmaydı. Sebebi, birinshiden logikalıq qarsılıq qa`legen zat, qubılıslar arasında boladı, al antonimlik qarsılıq, joqarıda aytqanımızday tiykarınan sapalıq ug`ımdı bildiretug`ın so`zler ortasında boladı. Ekinshiden, antonimlik qarama-qarsılıq bir paradigmag`a kiretug`ın so`zlerdin` en` son`g`ı tochkasında payda boladı da, al logikalıq qarsılıq bunday paradigmanın` qa`legen tochkasında o`z ko`rinisin tabadı. Mısalı: uzın-ten`-

qısqa. Bunda tek uzın-qısqa so`zleri antonimlik jubay du`zedi, al uzın ha`m ten` yamasa qısqa degen so`zler antonimlik jubay du`ze almaydı. Logikalıq jaqtan olar qarsı qoyıla aladı. :shinshiden, antonimler awıspalı ma`nide kelgen ortasında da ushırasadı. Aytayıq, bas ha`m ayaq-so`zleri o`zlerinin` tuwra ma`nisinde, yag`nıy adamnın` ag`zaların bildirip kelgen jag`dayda antonim emes. Al istin` bası ha`m aqırı degen ma`nilerde kelgende antonim boladı. To`rtinshiden antonimler ko`rkem a`debiyattı oqıwshıg`a ta`sir etiwshi qural sıpatında ken` qollanıladı.

Antonimler qaraqalpaq til biliminde ele arnawlı izertlenbedi. Mektep sabaqlıqlarında antonimler degen ne? Onın` ko`rkem a`debiyatta qanday xızmet atqaratug`ını haqqında qısqasha tu`sinikler berilgen.[1]

Prof. E.Berdimuratovtın` avtorlıg`ında bir qansha ilimiy miynetlerinde, joqarı oqıw orınlarına arnalg`an sabaqlıqta[2] antonimlerdin` qollanılıwına, ko`rkem a`debiyattag`ı xızmetine toqtag`an. Ilimpaz antonimlerdin` grammatikalıq o`zgeshelikleri haqqında da bahalı pikirler bildirgen.

A.Bekbergenovtın` «Sinonimler ha`m antonimler»[3] atlı maqalasında antonimlerge ha`r ta`repleme toqtag`an. A`sirese sinonim menen antonim arasındag`ı baylanısqa, antonimlerdin` jasalıwına ayrıqsha itibar bergen. Onın` «Qaraqalpaq tilinin` stilistikası» degen miynetinde antonimlerdin` antiteza, oksyumoron, ironiya xızmetinde qollanıwı haqqında dıqqatqa ılayıq pikirler ushırasadı.

M.Qudaybergenov ha`m T.Bashirovlar birlikte qaraqalpaq tilindegi antonimlerdin` qısqasha so`zligi[4] du`zdi.

---

[1] **Қарақалпақ тили.** 5-класс ушын. Нөкис, 1999, 86-бет Қарақалпақ тили 6-класс ушын сабақлық. Нөкис 1999, 152-бет. Қарақалпақ тили 10-11- класслар ушын. Нөкис, 1992, 85-86-бетлер.

[2] **Бердимуратов Е.** Ҳәзирги заман қарақалпақ тили. Лексикология. Нөкис, 1994, 118-125-бетлер; Әдебий тилдиң функционаллық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ әдебий тилиниң раўажланыўы. Нөкис, 1973, 147-152 бетлер. Ҳәзирги қарақалпақ тили лексикологиясы. Нөкис, 1994, 29-32-бетлер

[3] **Бекбергенов А.** Синонимлер ҳәм антонимлер. Қарақалпақ тили бойынша изертле. Нөкис, 1971, 115-132-бетлер. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. Нөкис, 1990, 26-27-бетлер

[4] **Құдайбергенов М. Баширов Т.** Қарақалпақ тилиндеги антонимлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис, 1995.

So`zliktin` alg`ı so`zinde avtorlar antonimler haqqında tu`sinik beredi, olardın` kelip shıg`ıwı haqqında, ma`nileri, basqa leksika- semantikalıq qubılıslar menen baylanısına toqtaydı.

Tuwısqan o`zbek, qazaq, tu`rkmen tillerinde antonimler arnawlı tu`rde izertlenildi. Sonday-aq ayırımlarında monografiyalar, so`zlikler[1] jarıq ko`rdi. Biz usı miynetlerge su`yene otırıp, qaraqalpaq tilindegi antonimlerdi pitkeriw qa`nigelik jumısı temasına aldıq.

Jumıstın` maqseti - qaraqalpaq tilindegi antonimlerdin` jasalıw jolların, sonın` ishinde feyil antonimlerdin` leksika-semantikalıq o`zgesheliklerin, du`zilisi boyınsha tu`rlerin anıqlaw, feyil antonimlerdin` tilimizde stil`lik jaqtan qollanılıw o`zgesheliklerin anıqlaw.

Usı maqsette qaraqalpaq jazıwshılarınan Sh.Seytov, N.Da`wqaraev, A`.Shamuratov T.Jumamuratov, T.Qayıpbergenovtın` t.b. shıg`armalarınan mısallar jıynadıq ha`m talladıq.

---

[1] **Шукуров Р.** Ўзбек тилида антонимлар. Тошкент, 1977.

## 1 BO`LİM. QARAQALPAQ TİLİNDEGİ FEYIL ANTONIMLERDIN` LEKSIKA-SEMANTIKALIQ O`ZGESHELIKLERI

Feyil adam yamasa basqa predmetlerdin` ta`biyat qubılıslardın` is-ha`reket protsesslerin, halatların bildiretug`ın so`z shaqabı. Feyillerdegi bul leksikalıq o`zgeshelik olardın` eki toparg`a ajıralıwına tiykar boladı: ha`reket feyilleri ha`m halat feyilleri. Feyillerden an`lasılg`an bul ha`reket ha`m halat a`lbette bet yamasa predmet penen baylanıslı boladı. Ha`reket so`zi grammatikada ken` ma`nide qollanıladı. Ol juwırıw, oqıw, ju`riw, oynaw sıyaqlı dinamikalıq o`zgesheligi anıq sezilip turatug`ın ha`reketlerdi an`latıw menen qatar, esitiw, tın`law, aqarıw, qartayıw, gu`llew ha`m t.b. ha`diyselerdi o`z ishine aladı. Ha`reket so`zinin` grammatikada bunsha ken` ma`nide qollanılwına baylanıslı halat ma`nisi de onın` ishine kirip ketedi. Feyiller halatta ma`nisin ma`ha`l menen baylanıstırıp, ha`reket sıpatında bildiredi.

«Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinin` grammatikası. So`z jasalıw ha`m morfologiya» (No`kis, 1994, 278-282 betler) miynetinde feyillerdin` leksikalıq ma`nisine ayrıqsha itibar berilgen ha`m olar bir neshe ma`nilik tu`rlerge bo`linip ko`rsetilgen. Biz jumısımızda ma`nileri bir-birine qarama-qarsı feyillerdi leksika-semantikalıq o`zgesheligin anıqlawda usı miynetke su`yendik. Al feyil antonimlerdin` ma`nilik o`zgeshelikleri haqqında qaraqalpaq til biliminde ele pikirler joq.

Demek, ko`rip turg`anımızday feyil antonimlerdi de leksika-semantikalıq jaqtan toparlarg`a ajıratıwda birdeylik joq. Bul ta`biiy, sebebi feyillerdin` semantikalıq o`zgeshelikleri og`ada ha`r qıylı. Usıg`an baylanıslı feyil antonimlerdin` bul belgisi boyınsha toparlarg`a ajıratıw qıyın ma`selelerdin` bri. Biz qaraqalpaq tilindegi feyil antonimlerdi to`mendegidey ma`nilik tu`rlerge bo`ldik:

2) adamlarg`a, adamlar arasındag`ı qarım-qatnasqa baylanıslı feyil antonimler;

2) qıymıl-qozg`alıstı bildiretug`ın feyil antonimler;

3) biologiyalıq protsesslerge baylanıslı feyil antonimler;

4) ta`biyat qublıslarına baylanıslı feyil antonimler

5) ha`reket-hlat ma`nilerin bildiretug`ın feyil antonimler;

Bular atalg`an toparlardag`ı feyil antonimler o`z gezeginde bir neshe mayda ma`nilik toparlarg`a bo`linedi:

2. Adamlarg`a, adamlar arasındag`ı qarım-qatnasqa ta`n bolg`an feyil antonimler. Bul tiptegi feyil antonimler qaraqalpaq tilinin` so`zlik quramında u`lken orındı iyelep, qarım-qatnas protsessinde jiyi qollanıp otıradı. Olar o`zinin` tuwra ma`nisinde de, awıspalı ma`nisinde de jumsaladı. Olardı ma`nilik jaqtan to`mendegishe bo`ldik:

a) adamnın` sezmine baylanıslı bolg`an ha`reketlerdi an`latatug`ın feyil antonimler: qulaq aspaw-qulaq tu`riw, ton`ıw ısınıw t.b.

Mısalı:

G`arrısın «hu`kimettin` ne kemisi bar» degen teren` so`zine de qulaq aspadı (K.Sultanov).

So`zlerine qulaq tu`rdim, olar da oyımda menin` (Berdaq).

Ol ju`da` ton`dı, biraq ton`g`anın bildirgisi kelmedi. (A`.Shamuratov).

Issılasaq suwg`a shomılar edik (X.Da`wletnazarov).

Issılaw-ton`ıw antonimlik jubaylar tek adamlarg`a emes, al haywanlarg`a da baylanıslı qollanıla beredi.

1) Oylawg`a baylanıslı feyil antonimler: umıtıw-eslew, esketu`siriw-esten shıg`arıw h.t.b.

Mısalı: Sen umıtsan` umıtqanda shıg`arsan`. (I.Yusupov).

G`arrı o`tken o`mirin esledi. (U.Pirjnov).

b) so`ylewge baylanıslı feyil antonimler: maqtaw-jamanlaw, mazaqlaw-hu`rmetlew, g`arg`aw-alg`ıslaw, kemsitiw-ko`termelew ha`zillesiw-shıntlaw t.b. Bul feyil antonimler adamlardın` qarım-qatnas jasawında bir-birewi menen pikir alısıwında qollanıladı.

Mısalı: Ga` qızıq so`z benen ashıp perdeni, jan`anı maqtaysan`, jasqap go`neni. (I.Yusupov).

Jurt maqtasın, jamanlasın o`z isi, qosıqlarım o`mirimnin` tezisi (K.Raxmanov).

Aldap tursan` ba, raslap pa ol jag`ın o`zin` bilesen` (I.Niyetullaev).

Kempir uzaq g`arg`andı. (Q.Sultanov).

Awıl adamları balalardı alg`ısladı. (X.Seytov).

v) Adamlardın` psixologiyalıq jag`daylarına, emotsiyalarına baylanıslı feyil antonimler : ku`liw-jıoaw, su`ysiniw-renjiw, quwanıw-qayg`ırıw ha`m t.b.

Mısalı: Jumabay ekinshi suwdan keyin paxtasındag`ı o`zgeristi ko`rip su`ysinse, ayırım suw basın`qırap ketken jerlerdegi sarg`ayın`qırag`an paxtalardı ko`rip renjidi. (A.Sadıqov).

Awg`an talg`ang`a ku`ledi. (Q.x.n.m).

Doslar jılap, dushpan ku`ldi. (Berdaq).

Raxmet, sizin` bul xızmetin`izge kewlim toldı. (A.Abdiev).

g) Adamlardın` fiziologiyalıq jag`daylrın bildiretug`ın feyil antonimler : azıw-semiriw, jasarıw-qartayıw, ag`arıw-qarayıw ha`m t.b.

Mısalı: Qartlar sizge uqsap jasarayıq deydi, al men sizdey bolıp qartaysam deymen. (I.Yusupov).

Ag`ardı saqalıw-shashım (Berdaq).

Sharshapsan`, bet-awzın` qarawıtıp ketipti (J.Saparov).

Bul ma`nilik o`zgesheliklerge iye antonimler haywanlarg`a da baylanıslı jumsaladı: mal semirdi, mal azdı, sonday-aq ta`biyat qubılıslarına, jansız predmetlerdin` ha`reketlerine, baylanıslı: tan` ag`arıw, suw qarawtıw ha`m t.b.

2. Qıymıl-qozg`alıstı bildiretug`ın feyil antonimler. Bul ma`nidegi feyiller «ken`isliktegi ulıwma qozg`alıstın` qıymıl-qozg`alıstın` bir orınnan ekinshi orıng`a o`twin, bet alıs bag`ıtın bildiredi.[1] Bul ma`nidegi feyil antonimlerdi to`mendegi tu`rlerge bo`liwge boladı:

---

[1] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў морфологиясы. Нөкис, 1995, 179-бет.

a) qıymıl-qozg`alıstın` belgili bir ob`ektke qaratılg`anın bildiretug`ın feyil antonimler: qurıw-buzıw, sog`ıw-buzıw, qazıw-ko`miw, tazalaw-pataslaw, tigiw-jırtıw ha`m t.b.

Mısalı: Du`n`yanı buzatug`ın da, du`zeytug`ın da o`zin`dey adamlar (J.Saparov).

Ishek-qarın tazalaw, gelle u`ytiw onın` sadag`asına tiydi. (T.Qayıpbergenov).

1) qıymıl-qozg`alıstın` bag`ıtın, bet alısın bildiretug`ın feyil antonimler: a`keliw-a`ketiw, tu`siw-miniw, ko`teriw-to`menletiw ha`m t.b. Mısalı: Aydap a`kelgen malların`dı, aydap a`ket.

2) A`keldi aldıma tu`ye, jag`ıldı betime ku`ye. (Ku`nxoja).

3) A`ketti sum a`jel onı. (N.Ernazarov).

b) ulıwma qıymıl-qozg`alıstı bildiretug`ın feyil antonimler: ag`ıw-tınıw, ushıw-qonıw, batıw-qalqıw, ju`riw-turıw t.b.

Mısalı: Esiktin` aldındag`ı jan`a shıg`arıp taslang`an samtıqlardın` u`stinde bir ushıp, bir qonıp kenapattay g`arg`alar toylap atır. (N.Da`wqaraev).

Ju`rgen ozar, turg`an tozar (Q.m.m.)

3). Biologiyalıq protsesslerge baylanıslı feyil antonimler.

Bul ma`nidegi feyil antonimler janlı ha`m jansız zatlardın` o`nip-o`siw, ko`beiw, jan`a spag`a o`tiw, o`zgeriw protsesslerindegi ha`reketlerdi bir-birine qarama-qarsı qoyıp ko`rsetedi. Onı eki tu`rge bo`liwge boladı: a) adam ha`m janlı maqluqlarg`a baylanıslı feyil antonimler: tutıw qaytıs bolıw, du`n`yag`a ketiw, du`n`yadan qaytıw, tuwılıw-qaytıs bolıw t.b.

Mısalı:

Tuwılmaq haq, o`lmek haq (Q.x.n.m.). Bul qazanda kimler bolmag`an, kim tuwılıp, kimler turmag`an. (I.Yusupov). Awg`anstanda internatsional`lıq xızmetin atqarıw payıtında qaharmanlarsha qazalandı. (O`.O`tewliev).

Biologiyalıq o`simliklerdin` o`zgerislerine baylanıslı feyil antonimler: gu`llew-solıw, gu`llew-sarg`ayıw, o`liw-o`siw, g`umshalaw-quwraw t.b.

Mısalı: Barg`an sayın jastı a`bden o`sirip, solıdı piyazlar, qıyar geshiri (G.Esemuratov).

Erikler gu`llep atır (X.Seytov).

Shetki atızlarda paxtalar suwdan qalıp sarg`ayıptı. (G`.Seytnazarov). Ayırımları g`umshalap ta atır.

Qaraqalpaq tilinde biologiyalıq protsesslerge baylanıslı «gu`llew» so`zi ko`p qollanılıp. Ol ha`r qıylı so`zlerge antonimlik jubay retinde jumsaladı.

4. Ta`biyat qublıslarına baylanıslı feyil antonimler : tu`neriw-ashılıw, ag`arıw-qaran`g`ılaw, jılıtıw-suwıtıw, ku`n shıg`ıw-ku`n batıw, tan` ag`arıw-ku`n batıw, jarıq tu`siw-qaran`g`ı tu`siw t.b.

Mısalı: Ku`n tu`nerip, qar jawdı (Jiyen jıraw).

Tu`sten keyin aspan ashılısıp, ku`n pitegene jılıtayın dedi. (J.Aymurzaev).

Qaqaman qıs bolıp, meyli suwıtsın, biraq adamlar adamlardı jılıtsın. (T.Ma`tmuratov).

Ta`biyat qubılıslarına baylanıslı feyil antonimlerge baylanıslı bolıp keledi. Ku`nnin` jıllı-suwıg`ı, onın` atıwı menen batıwı, qaran`g`ı yamasa jaqtılıg`ı feyil antonimlerdi payda etedi.

5. Ha`reket-halat feyil antonimler. Bul tiptegi feyil antonimlerge ta`n o`zgeshelikler: olar zatlardın`, ha`diyselerdin`, halatlardın` qanday halda ekenin qarama-qarsı qoyıw arqalı keledi. Olar to`mendegidey o`zgesheliklerge iye.

a) adam ha`m janlı maqlıqlardın` halat protsessii: uyqılaw-oyanıw, awırıw saw t.b.

Mısalı: Ol ele oyaw, uyqısı keler emes (Sh.Seytov).

Uyqılasa ta`wir bolıp ketetug`ınday sezildi. (K.Ma`mbetov). belgili qa`nigeler Abaydın` da, Mırzanın` da o`z islerine o`zleri juwap bere alatug`ın deni saw ekenin tastıyıqlaydı. (O.4bdiramanov).

Awırıw astan, daw qarındastan. (Q.n.m.)

1) zatlardın` o`zgeriske ushıraw halatına baylanıslı feyil antonimler: azayıw-ko`beyiw, uzayıw-qısqarıw, so`niw-janıw, ko`beyiw-solıw, ko`geriw-quwraw.

Mısalı: Ko`shiske qatnag`andı azayttı (G.Tursınova).

Bir na`sheni altın taxqa mindirip, bir na`shenin` jang`an otın so`ndirip. (A`jiniyaz).

Ko`beytip ketti elinde qasqır bolıp jawlag`an (K.Ma`mbetov).

Kewlimde qayg`ı azaydı. (Jiyen jıraw).

Bunnan basqa da feyil antonimlerdi leksika-semantikalıq jaqtan bir neshe tu`rlerge bo`liwge boladı. Ma`selen, ximiyalıq ha`reketlerge, fizikalıq ha`reketlerge baylanıslı feyil antonimler t.b.

Feyil antonimler tildin` qarım-qatnas materialı retinde bir neshe awıspalı ma`nilerge iye bolıp, bir leksika-semantikalıq topar, ekinshi bir lekiska-semantikalıq toparg`a o`tip otıradı. Ma`selen, semiriw, qartayıw feyilleri ha`m olardın` antonimlik jubayları azıw jasarıw ha`reket halat ma`nisinde, adamlardın` fiziologiyalıq protsesslerinde bildiredi. Olardı eki toparg`a kirgiziwge boladı. Ko`beyiw-azayıw antonim feyilleri de ha`reket-halat ma`nisin sonday-aq biologiyalıq protseslerge ta`n ha`reket ma`nisin de bildiredi.

Bunnan basqa da feyil antonimlerdi leksika-semantikalıq jaqtan bir neshe tu`rlerge bo`liwge boladı: Ma`selen, ximiyalıq ha`reketlerge, fizikalıq ha`reketlerge baylanslı feyil antonimler ha`m t.b.

Feyil antonimler tildin` qarım-qatnas materialı retinde bir neshe awıspalı ma`nilerge de iye bolıp, bir leksika-semantikalıq topar ekinshi bir leksika-semantikalıq toparlarg`a o`tip otıradı. Ma`selen: semiriw, qartayıw feyilleri ha`m olardın` antonimlik jubayları azıw, jasarıw ha`reket-halat ma`nisinde, adamlardın` fiziologiyalıq protsesslerin de bildiredi. Olardı eki toparg`a kirgiziwge boladı. Ko`beyiw-azayıw antonim feyillari de ha`reket-halat ma`nisin, sonday-aq biologiyalıq protsesslerge ta`n ha`reket ma`nisin de bildiredi.

Qaraqalpaq tilinde antonimlerdin` «.. qarama-qarsı ma`nileri anıq ko`riniw ushın so`zlerdin` bir so`z shaqabınan bolg`anı durıs, olar kelbetlik, ra`wish, feyillerde ko`birek ushırasadı»[1]

Bunday o`zgeshelikler feyil antonimlerdin` leksika-semantikasında ko`plep ushırasadı. Bul feyil antonimlerdin` ko`p ma`niligin ko`rsetedi. A`sirese, turaqlı so`z dizbeklerinin` jeke so`zlerge, sonday-aq feyil ma`nili turaqlı so`z dizbekleri o`z-ara antonim bolıp keliwi jiy ushırasadı.

Joqarıda ko`rsetilgen feyil antonimlerdin` leksika-semantikalıq tu`rlerin qaraqalpaq tilindegi barlıq feyil antonimlerdi qamtıy almaydı. Olardın` basqada semantikalıq ren`lerine iye tu`rleri ko`p. Ja`miyetlik turmıstın` rawajlanıwına baylanıslı ha`m turmıs za`ru`rligine baylanıslı tildin` so`zlik quramı bayıp otıradı. Usıg`an bola feyil antonimlerde leksika-semantikalıq jaqtan rawajlanıp otıradı.

---

[1] **Бекбергенов А.** Синонимлер ҳәм антонимлер -Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер. Нөкис, 1981, 127-бет

## 2 BO`LİM. QARAQALPAQ TİLİNDEGİ FEYIL ANTONIMLERDIN` STILLIK QOLLANILIWI

Qaraqalpaq tilinde basqa da tu`rkiy tillerinde antonimlerge de baylanıslı. Ko`plegen a`debiyatlarda antonimlerdin` ko`rkem shıg`armalarda ko`rkemlew quralı xızmetin atqaratug`ını haqqında ayrıqsha pikirler ushırasadı. Olarda feyil antonimlerdin` stil`lik qollanılıw ayrıqsha aytılmag`anı menen ulıwma antonimlerge bildirilgen pikirler feyil antonimlerge de tiyisli.

Durısında da, a`debiy shıg`armalarda leksika-semantikalıq qurallar xızmetin atqaratug`ın so`zlerdin` bir toparın antonimlik birlikler quraydı. Ma`nileri qarama-qarsı so`zlerdi kontekstke endiriw arqalı oy-pikirdin` ta`sirli anıqlılıg`ı payda boladı. O`ytkeni onda antonimler arqalı zat, qubılısqa olardın` arasındag`ı sapalıq qarama-qarsılıq, sonın` ishinde ha`reket, halat, qarama-qarsılıg`ı ayrıqsha belgilenip o`tiledi. «Ko`rkem so`z sheberi stil`lik planda antonimlerdi belgili bir qubılıstın` ha`diysenin` pu`tkil kartinasın do`retiw ushın, su`wretlenetug`ın waqıyanı o`tkir kontrast`lıq penen bayanlaw ushın izli-izinen qollanıladı»[1].

Mısalı: Birew jırlap, birewler jılap,
Birew *tırnap*, birewler *sılap*,
Birew *muzlap*, birewler *qızıp*,
Birew *sazlap*, birew *buzıp*,
Kim tas g`ayzap, kim bas g`ayzap,
O`tken eken o`zin`nen, naysap! (Sh.Seytov).

Mine, avtor bundag`ı ha`r bir qatarda feyil antonimlerdi qollag`an. Olar ko`rkem shıg`armanın` oqıwshıg`a ta`sirli, ayrıqsha obrazlı bolıp oqılıwına sebepshi bolg`an.

---

[1] **Бердимуратов Е.** Әдебий тилдиң функционаллық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. Нөкис, 1983, 150-бет

Qaraqalpaq tilinde feyil antonimler antiteza xızmetinde jiyi qollanıladı. Yag`nıy antonimler kontrast waqıyalardı su`wretlewde jiyi qollanıladı. Olar antiteza xızmetinde kelgende bir ga`p ishinde, yaki bir kuplet ishinde keledi.

Mısalı: *Jılasam* jubattın`, *ku`lsem* quwandın` (T.Jumamuratov).

*Yoq edim, bar boldım* kamalg`a keldim (A`jiniyaz).

Feyil antonimler juplasıp kelipte ko`rkem shıg`armalar tilinde jiyi qollanadı.

**Mısalı:** *Kelip-ketip* ko`rip ju`rsen` g`oy (O`.Xojaniyazov).

Qashıp-quwg`an adam ko`rinbeydi. (N.Jan`abaeva).

Jup so`z formasındag`ı feyil antonimler ma`nilik jaqtan qarama-qarsı bolg`anı menen olar ulıwmalıq bir ma`ni an`latıp turadı. Olar arasındag`ı qarama-qarsılıq ma`ni saqlang`anı menen olar  bir so`zge barabar ma`ni an`latadı.

Ko`rkem shıg`armalardın` tilinde so`zler tek o`zinin` tuwra ma`nisinde emes, al awıspalı ma`nisinde de jiyi qollanılıwdın` o`zide belgili bir stil`lik maqsetti go`zlewden kelip shıg`adı. Tuwra ma`ni menen bir qatarda awıspalı ma`nide jiyi qollanılıp otıradı.

Mısalı, birewi ushadı, birewi tu`sedi, ushqanı ko`kte sayraydı, tu`skeni ıssıda qanatın jazıp jer bawırlap jatadı. Topıraqqa awnap, qanatın qag`ıp, jorg`alap ketip puta-puta menen ko`k sho`plerdin` arasın sayran etedi. (J.Aymurzaev).

Bunda ushadı so`zinin` antonimlik jubayı retinde tu`sedi so`zi kelgen. Biraq tu`sedi so`zi menen minedi so`zi menen antonim bolıwı kerek. Bul jerde metafora usılı tiykarında tu`sedi so`zi awıspalı ma`nide kelip,  qonadı so`zine ten` kelip tur.

Ko`rkem shıg`armalardın` tilinde feyiller arqalı so`z dizbeklerinin` antonim bolıp keliwi jiyi ushırasadı. Jeke feyil so`z benen frazeologiyalıq so`z dizbegi yamasa feyil ma`nisindegi bir frazeologiyalıq so`z dizbegi menen ekinshi bir feyil ma`nili frazeologiyalıq so`z dizbegi antonimlik jubaylar du`ziwi mu`mkin.

**Mısalı:** Bul xabardı esitip *to`besi ko`kke jetti*. (Sh.Seytov).

Ol bul ret ko`z jasın tıya almay, ko`p waqıtqa shekem *qamıg`ıp* otırdı (O`.Ayjanov).

Da`slepki ga`pte to`besi ko`kke jetiw frazeologiyalıq so`z dizbegi quwanıw degendi an`latıp, son`g`ı ga`ptegi qamsıg`ıw so`zine antonim bolıp tur.

«To`besi ko`kke jetiw» frazeologiyalıq so`z dizbegi oqıwshıda ayrıqsha ta`sirshen`likti payda etiw ushın qollanılıp tur. Kerisinshe quwanıw degen so`zge qarama-qarsı «qabag`ı jabılıw», «salısı suwg`a ketiw», «qabırg`ası qayısıw» sıyaqlı frazeologiyalıq so`z dizbekleri de qollanılıwı mu`mkin.

Mısalı: Urısıwdan to`men qarap tu`sip ketip baratırg`anda *qabag`ın qarıs jawıp*, ashıwlanıp ko`p waqıtqa shekem o`zinen qalmaytug`ın a`deti menin` yadıma tu`sti. (N.Da`wqaraev).

Ba`rinen de beter usı ba`ha`rde en` ku`shli malayı Jan`abaydan ayırılıp qalg`anı baydın` *qabırg`asın qayıstırg`an edi*. (Sh.Seytov).

Onın` bul so`zi biyler menen iyshanlardın` so`zin tın`lap, salısı suwg`a ketkendey bolıp, hu`reyleri ushıp otırg`an o`z no`keri menen toyg`a kelgen, bılayg`ı xalıqlardın` kewlin sergek tartqızg`anday boldı. (A.Begimov).

Qaraqalpaq tilinde feyil frezaologiyalıq so`z dizbeginin` quramında antonim so`zler ushırasadı: Aydın` on besi qaran`g`ı bolsa, on besi jaqtı bolıw, yag`nıy bunda qaran`g`ı jaqtı so`zleri antonim. Otırsa opaq, tursa sopaq bolıw, otı menen kirip, ku`li menen shıg`ıw ha`m t.b.

Mısallar: Ne boldı o`zi *«otırsam opaq, tursam sopaq bola berdim g`oy»* dep tag`ı irkilemen. (J.Aymurzaev).

To`rt jıl esiginde diyxan bolıp, *otı menen kirip, ku`li menen shıg`ıp* ju`rgende, Palmang`a ko`k tiyin bermey quwıp jibergen. (N.Da`wqaraev).

Bir ga`pte yamasa bir kuplet qosıqta antonimlik jubaylar qatara keliwi de mu`mkin.

Mısalı, Jılasam jubattın`, ku`lsem quwanttın`. (T.Jumamuratov). Yoq edim, bar boldım kamalg`a keldim. (A`jiniyaz).

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında antonimler, sonın` ishinde feyil antonimler jiyi qollanıladı.

Mısalı, Ko`z qorqaq, qol batır.

Altaw ala bolsa awzındag`ını aldırar, to`rtew tu`wel bolsa to`bedegini tu`sirer.

Qurg`aq ag`ash janar, so`ner, jas ag`ashtan hasıl o`ner.

Oynasa botası jen`edi, shıntlasa atası jen`edi ha`m t.b.

Ulıwma ko`rkem shıg`armalarda antonimler en` jiyiqollanılatug`ın leksika-semantikalıq qurallardın` biri. Ha`tte ko`rkem a`debiyat stilinde bolımlı ha`m bolımsız qosımtalar predmete qanday da bir belginin` barı ha`m jog`ın an`latatug`ın qosımtalarg`a iye so`zler de antonimler arqalı do`reytug`ın konstantalıq ma`nini beriwge ja`rdem etedi.

Mısalı, Termeymen desen`de, gu`lden terersen`, Ko`rmeymen desen`de bir ku`n ko`rersen`, (G.Esemuratova).

Feyil antonimlerdin` leksika-semantikalıq toparları boyınsha ko`rkem shıg`armada qollanılıw o`zgesheliklerin T.Jumamuratov shıg`armalarınan mısallar alıp, bılay ko`rsetiwge boladı.

2. Qarama-qarsı jo`nelistegi ha`reketti bildiriwshi feyil antonimler emes. Mısalı:

Esken jeldey o`te berdi balalıq,
Jigit boldım, keldi kem-kem ag`alıq,
Ku`nler o`tti, qaytıp onı ko`rgisiz.
Ju`rgende de qaran`g`ıda shırmalıp,
Ata-baba qız beristi, qız alıp.

Bul mısallardag`ı o`tti-keldi; qız beristi-qız alıp so`zleri bir birine antonim feyiller. 2- mısaldag`ı o`tti-keldi, so`zleri bir-birine ma`nisi jag`ınan qarama-qarsı. Bul jerde o`tti so`zin ketti dep te alıw mu`mkin, biraq qosıqtın` mazmunı ha`m qurılısına tiykarlanıp keldi so`zi menen antonim o`tti so`z qollanıp tur. 2-mısaldag`ı «qız beristi- qız alıp» so`zlerin alatug`ın bolsaq bunda da qız berip, qız alıp dep qollanıw mu`mkin. Bul da joqarıdag`ı day tiykarg`ı

antonim toparlar qız beriw ha`m qız alıw edi. Al bul jerde so`z o`zgerip tur. Fyio so`zdin` tu`biri Ber og`an so`z jasawshı qosımtalar qosılıwı arqalı antonim so`z o`zgerip tur.

2. Predmet jag`dayına baylanıslı feyil antonimler. Mısalı:

Geyde jamanlandı, geyde maqtaldı,

Geyde sharıqladı, geyde toqtadı.

Geyde ku`ndey ku`limleysen`-janasan`

Geyde bulttay gu`rkireysen`-jawasan`

Mısallardag`ı jamanlandı-maqtaldı, «sharıqladı-toqtaldı, «ku`limleysen` gu`rkireysen`» so`zleri bir-birine anotonim feyiller. Bular predmet yamasa zattın` jag`dayı yamasa sol predmetke baylanıslı ju`z berip atırg`an ha`diyse bir-birine antonim so`zlerdi payda etip tur. Berilgen antonim feyil so`zler konstektte yamasa a`debiy shıg`armada, leksikalıq ma`nisi jag`ınan ken`eytilip qollanılıp tur. Bul jerde qosıq qatarı yag`nıy lirikada avtordın` ishki sezimi arqalı obrazlı tu`rde antonimlik topar retinde qollanılıp tur. Mısalı, maqtaw-jamanlaw antonim so`z. Tekste obrazlı yamas ko`rkem etip is-ha`reketti bildiriwshi so`z iretinde payda bolıp tur.

3. Adamlarg`a ta`n bolg`an halat ha`m mu`na`sebetti bildiriwshi fnyil antonimler. Mısalı:

Ko`rdi qansha qorqıtıp ha`m jalınıp,

Jaqsı prezent-o`mirin`nin` quwatı

Qartaysan`da jasartadı qaytadan

Jılasam jubattın`, ko`rsen` quwandın`

Berilgen mısallardag`ı «qorqıtıw ha`m jalınıw ma`nilik jaqtan bir-birine qarama-qarsı. Qosıq qatarında obrazlı etip berilgen. Qartayıw, jasarıw, jılaw-uwanıw antonim feyiller. Mısalı:

Mıyıq tartsam, shadlı-qurram boladı,

Qabaq shıtsam, jasıl- gu`ldey soladı

«Qabaq shıtıw, mıyıq tartıw» adamlarg`a ta`n bolg`an olardag`ı bir-birewge mu`na`sebetindegi is-ha`reket sol arqalı antonim feyiller jasarıp tur.

4. Ulıwma bir-birine a`lpayım qatnas biri ekinshisin inkar etetug`ın is ha`reketlerdi bildiriw feyil antonim. Mısalı:

In`aranasan` ka`l balanın` sazınday
Jilwa shergip Ayparshanın` nazınday
Batırın` da talıqsıdı mun`aydı.
Go`zzal ko`rdim ala moyın, qaraqas

Qarama-qarsı jo`nelistegi ha`reketti bildiriwshi feyil antonimler 7 gruppag`a bo`linedi:

a) Qarama-qarsı (jo`nelistegi ha`reketti bildiriwshi) ta`repke bolg`an jo`nelisti bildiriwshi feyil antonimler kelmek-ketpek, kelmek-barmaq. Mısalı:

Nebir doslar a`rman etip keliwdi
Shog`ı so`ndi, ko`rmey ketti eliwdi
Adam keler-keter du`rkin ha`m du`rkin
Asqat penen talay-talay qıdırıp,
Kelgen edi bul atızdın` ishine
Usı so`zi sira` yadtan keterme.

Berilgen antonim toparlar adam is-ha`reketinin` orınlanıw ha`m orınlanbawın bildiriwshi qarama-qarsı ma`nidegi so`zler keliw-ketiw degen eki so`zdin` o`zinen-aq ko`rkemli tu`rde birneshe antonim so`zler payda bolıp tur. «Keliwdi-ketti», «kelip-ketti», «keler-keter», kelgen-keter» so`zleri dara turg`anda bulardın` antonim ekenligi onsha sezilmeydi. Al kontekste olardın` ma`nisi tu`p-tiykarınan bir-birine qarama-qarsı ma`ni berip antonim feyil bolıp tur. Bir-birine qarama-qarsı is-ha`reket aytlıp tur.

Juwmaqlap aytqanda, feyil antonimler a`debiy do`retpelerde, ko`p sanlı qaraqalpaq awız-eki shıg`armalarında jiyi qollanılıp. Tu`ri stil`lik maqsetlerdi atqaradı. Ko`rkem shıg`armada ha`r tu`rli so`z shaqaplarına tiyisli so`zlerde antonimlik jubaylar du`ze aladı.

Mısalı: Olar ken` aspanda jelpip ushqanday, ga`hi to`menleydi, ga`hi joqarı. (M.Seytniyazov).

Igri ju`rsem artar menin` gu`nayım. Bul qa`lbime tuwrılıqtın` qurbın (Berdaq).

Da`slepki mısalda to`menleydi feyil so`z joqarı degen ra`wishke antonim bolıp kelgen. Son`g`ıda kelbetlik so`z atlıq so`zge antonim bolıp tur. Demek, antonimlerdin` stil`lik maqsetlerge baylanıslı qollanılıwı og`ada ha`r qıylı eken.

# J U W M A Q

Ma`nileri bir-birine qarama-qarsı ha`m bir so`z shaqabına kiretug`ın so`zler antonimler dep ataladı. Antonimlerin` ishinde is-ha`reketlerdin` qarama-qarsılıg`ın bildiretug`ın toparı feyil antonimlerdi quraydı.

Feyil antonimler o`zlerinin` qollanılıw, sanı boyınsha da belgili orındı iyeleydi. Olar ku`ndelikli qarım-qatnas protsessinde, fol`klorlıq do`retpelerde, jazıwshı, shayırlardın` ha`r qıylı janrdag`ı shıg`armalarında tu`rli formalarda, tu`rli xızmetlerde jiyi qollanılıp otıradı.

Qaraqalpaq tilinde antonimler, sonın` ishinde feyil antonimler en` az izertlengen ma`selelerdin` biri. Feyil antonimler ele arnawlı izertlengen joq.

Jumıstın` birinshi bo`liminde feyil antonimlerdin` leksika-semantikalıq o`zgeshelikleri u`yrenilip, olar bir neshe ma`nilik tu`rlerge bo`linedi. Haqıyqatında feyil antonimler is-ha`reket ma`nisin bildiretug`ın so`zler bolg`anı menen olar o`z gezeginde bir neshe tu`rlerge bo`linedi.

Jumısta biz feyil antonimlerdin` barlıq ma`nilik tu`rlerin qamtıy almadıq. Sebebi, bug`an feyil antonimlerdin` izertleniwi, sonday-aq feyillerdin` de ma`nilik jaqtan az izertleniwi sebep boladı.

Ekinshi bo`liminde feyil antonimlerdin` stillik qollanılıwı u`yrenilip, onın` antiteza xızmetinde keliwi, juplasıp keliwi, awıspalı ma`nide qollanılıwına itibar berildi.

Ulıwma aytqanda, feyil antonimler di u`yreniw teoriyalıq ha`m a`meliy jaqtan u`lken a`hmiyetke iye. Olar bu`gingi  qaraqalpaq til biliminde u`yreniwdi talap etetug`ın ma`selelerdin` biri.

# PAYDALANILG`AN A`DEBIYaTLAR


1. Bekbergenov A. Sinonimler ha`m antonimler-Qaraqalpaq tili boyınsha izertlewler. No`kis, 1972

2. Bekbergenov A. Qaraqalpaq tilinde so`zlerdin` jasalıw usılları. No`kis, 1979

3. Berdimuratov E. Ha`zirgi zaman qaraqalpaq tilinin` leksikologiyası. No`kis, 1968

4. Berdimuratov E. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No`kis, 1994

5. Berdimuratov E. A`debiy tildin` funktsional`lıq stil`lerinin` rawajlanıwı menen qaraqalpaq leksikasının` rawajlanıwı.No`kis, 1973

6. Qudaybergenov M, Bashirov T. Qaraqalpaq tilindegi antonimlerdin` qısqasha so`zligi. No`kis, 1995

7. Shukurov R. Wzbek tilida antonimlar. Toshkent, 1977

8. Hozirgi wzbek adabiy tili. 2 tom, Toshkent, 1966

9. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinin` grammatikası. So`z jasalıw ha`m morfologiyası. No`kis, 1994

10. Usmanov S. Antonimler - Wzbek tili va adabiyoti masalalari. N 2, 1958

11. A`jiniyaz. No`kis, 1975

12. Jumamuratov T. Tolqında. No`kis, 1970

13. Da`wqaraev N. Internatta. No`kis, 1992

14. Qayıpbergenov T. Qaraqalpaq da`stanı. No`kis, 197o

15. Seytov Sh. Ig`bal soqpaqları. No`kis, 1995

16. Yusupov I. Shıg`armaları. No`kis, 1992